

PILOT POU RANMASE DECHÈ ALIMANTÈ KI NAN KWEN TWOTWA SOMERVILLE KESYON MOUN POZE SOUVAN

Plan Pwogram Pilòt pou Ranmase Dechè Alimantè Nan Kwen Twotwa

Kiyès ki kalifye pou pwogram pilòt pou ranmase déchè alimantè Somerville la?

Pilòt la pral kòmanse bay sèvis ranmase déchè alimantè gratis pou yon kantite kay ki limite nan yon pòsyon nan pati Lès Somerville “East Somerville”. Kay ki kalifye yo dwe:

- nan katye pilòt la
- nan yon bilding avèk 6 chanm oswa mwens
- pa enskri yon fason aktif nan yon pwogram konpòs kwen twotwa

Poukisa Somerville ap lanse pwogram pilòt pou ranmase déchè alimantè nan kwen twotwa a?

Pwogram pilòt sa a fèt nan entansyon pou eksplòre fason pou atenn rezidan ki poko ap fè konpòs pou pwolonje kesyon fè konpòs la nan Somerville. Pwolonje zafè konpòs la nan Somerville pral bay katye a benefis rapid e ede Vil la reyalize objektif dirabilite l yo.

Jan yo dekri sa nan [Plan Zewo Dechè Somerville “Somerville’s Zero Waste Plan”](#) la ak [Climate Forward 2024](#) la, vil la fiske yon objektif rediksyon déchè pou redui kantite déchè ki pwodui nan vil la a 30% disi 2030 e 90% disi 2050. Nan Massachusetts, déchè plant ak bèt ak papye ki ka fè konpòs reprezante anviwon 30% déchè solid vil la, kidonk konpòs vil la se yon aksyon kle anvè objektif rediksyon déchè vil la. Fè konpòs ankouraje prensip zewo déchè a tou, li sansibilize konsomatè sou sa y ap manje e bay rezidan yo yon opòtinite pou devlope yon kilti aksyon pou klima ki pral fè yon diferans nan kominote e menm pi lwen.

Ann amoni ak [Depo Machandiz ki Baze sou Konsomasyon “Consumption-Based Emissions Inventory”](#) Vil la, manje, sa gen ladan déchè, se sèl pi gwo sous emisyon kabòn rezidan nan fwontyè Somerville, ki depase transpò ak aktivite ki gen rapò ak lojman tankou itilizasyon chofaj ak elektrisite nan kay. Evite déchè alimantè e achte sèlman menm kantite ak sa kay la bezwen nan youn nan fason ki pi fasil e ki pi efikas nan pri pou evite emisyon alimantè.

Ki lè pwogram pilòt la fini?

Pwogram pilòt la fini nan mitan 2027. Pi bonè rezidan yo anrejistre, se plis lontan y ap kapab benefisye pwogram nan.

Ki jan Vil Somerville te deside sou premye domèn pwogram pilòt la?

Vil Somerville te evalye plizyè faktè nan chwa premye domèn pilòt pou pwogram pilòt ranmase déchè alimantè a. Yo te chwazi Pati Lès Somerville la pou evalye posiblite pou yon pwogram ranmase déchè alimantè pou redui resous manje ki disponib pou wonjè e ranmase enfòmasyon sou posiblite pou yon pwogram ranmase déchè alimantè nan tout vil. [Plan Pwogram Zewo Dechè Vil Somerville pou 2023](#) pale sou plan pou yon pwogram pilòt ranmase déchè alimantè nan kwen twotwa ki konsantre sou katye a (gade Teknik 2.1 – Devlope Opòtinite nan Vil yo pou Rediksyon Dechè Òganik).

Si m ap viv nan yon bilding a plizyè apatman, èske chak chanm ta dwe separe apa?

Wi, chak apatman nan bilding ou an ta dwe siyen apa, e y ap resevwa pwòp kontwa kizin ak poubèl kwen twotwa yo.

Èske lokatè yo kapab anrejistre pou pwogram pilòt la?

Wi, lokatè yo kapab patisipe nan pwogram pilòt la. Moun k ap anrejistre pou pwogram pilòt la ta dwe abite nan adrès li bay la paske se yo menm k ap resevwa mizajou sou sèvis yo ak lòt enfòmasyon enpòtan konsènan patisipe nan pwogram pilòt la. Se yon obligasyon pou lokatè ak pwopriyetè yo kominike youn ak lòt konsènan nan pwogram pilòt la.

Ki chwa lokatè yo genyen pou fè konpòs si yo pa fè pati yon pwogram pilòt?

Manm kominote Somerville la te vote pou finanse [yon nouvo pwogram pilòt pou wonjè-poubèl pou mete konpòs ki rezistan ozalantou vil la](#). Gen devlopman pwojè depoze poubèl k ap fèt.

[Nenpòt rezidan nan Somerville ki pa kalifye pou pwogram pilòt la kapab abòne a yon sèvis konpòs nan kwen twotwa ki peyan tou.](#)

Nenpòt rezidan Somerville ki pa kalifye pou pwogram pilòt la kapab abòne dirèkteman avèk Garbage to Garden pou koleksyon chak semèn nan rit standa \$19 pa mwa. Sa gen ladan yon doub pou konpòs ki frèch yo bay chak semèn avèk sèvis, e si yo mande sa, livrezon chak semèn valiz konpòs ki fini (disponib chak sezon soti Avril pou rive Oktòb). Rezidan ki resevwa sèvis ki peyan kapab pote yo volontè pou opòtinite yo apwouve pou resevwa sèvis gratis.

Enfòmasyon konsènan Fè Konpòs

Ki sa fè konpòs nan kwen twotwa ye?

Fè konpòs nan kwen twotwa se yon fason pou resikle rès manje ak materyèl ki ka fè konpòs atravè yon sèvis ki la pou pase pran yo olye n kite dechè yo rete lakay nou oswa lè n depoze rès manje nan yon poubèl ki la pou ranmase. Fè konpòs gen divès benefis pou kalite lè, dlo pwòp, ak sòl la. Rès manje gen bon rapò nitriman plant yo bezwen pou yo devlope. Lè w fè konpòs ak rès manje w, sa gen ladan vyann, pwodui ki gen lèt, ak zo, w ap fè nitriman retounen nan sòl la olye w gaspiye yo!

Ki avantaj ki genyen nan fè konpòs?

Tèlman gen avantaj nan fè konpòs! Patisipan k ap fè konpòs nan kwen twotwa yo pa janm sispann sezi wè kòman nouvo poubèl konpòs yo a gen yon efè pozitif sou moun nan kay yo. Ou jwenn plis byenfè pase ranmase dechè alimantè!

Benefis Finansyè & Konfò:

- Redui nivo fatra yo an gran pati
- Elimine sant fatra
- Kenbe kizin yo pi pwòp e fatra yo pi fasil pou pote
- Kouvèti ki fasil e ki fèm kenbe sant yo anndan e anpeche bèt yo antre.

Benefis pou Anviwònman ak pou Kominote:

- Soutni pwogram lekòl ak kominote yo
- Montre lòt moun ki sou katye w la se yon bagay ki enpòtan pou yo fè konpòs
- Redui emisyon pakèt fatra ak metàn
- Ogmante fètilite tè a
- Ogmante valè nitritif aliman yo kiltive nan konpòs yo
- Netwaye anba dlo yo e redui lavalas dlo lapli fè yo

- Amelyore kalite lè a

Enstriksyon pou Patisipan yo

Ki jan fè konpòs avèk Garbage to Garden fonksyone?

Chak semèn, Garbage to Garden rès manje nou yo sou twotwa a. Rezidan yo resevwa yon kit pou kòmanse, sa gen ladan poubèl kwen twotwa ki woule/fèmen ki pran 12 galon an, yon vèsò kizin, yon woulo valiz pou konpòs ki sètifye, ak yon ti liv Fason pou “How-to” ki detaye sèvis la, bay pi bon bon pratik, materyèl yo aksepte, ak enfòmasyon kontak Garbage to Garden. Se yon obligasyon pou rezidan yo double poubèl yo (avèk yon valiz an papye ki mawon oswa valiz pou konpòs ki sètifye) pou ede kenbe yon poubèl ki pwòp e minimize netwayaj pwofon. Epitou valiz an papye yo ede asire operatè Garbage to Garden yo kapab netwaye poubèl yo nèt.

Olye w jete rès manje, zo ak vyann, kokiyaj, pwodui an papye, ak lòt materyèl ki ka fè konpòs nan poubèl la, mete bagay sa yo nan poubèl Garbage to Garden ou pito. Chak semèn, w ap mete poubèl sou twotwa disi 6 a.m. pou yo ranmase yo. Apre sa, Garbage to Garden pote rès manje yo nan jaden agrikòl lokal Massachusetts yo pou yo fè tounen konpòs.

Konbyen sa koute?

Rezidan ki kalifye nan zòn pilòt Lès Somerville la resevwa yon twous demaraj gratis (sa gen ladan poubèl pou yo mete nan kwen twotwa yo a) e y ap ranmase fatra yo gratis chak semèn.

Nenpòt rezidan Somerville ki pa kalifye pou pwogram pilòt la kapab abònne dirèkteman avèk Garbage to Garden pou yo ranmase pou li chak semèn nan rit standa a ki se \$19 chak mwa. Sa gen ladan yon papye ki frèch pou double konpòs la yo bay chak semèn avèk sèvis, e si e mande sa, livrezon chak semèn sak konpòs ki fin ranpli (disponib chak sezon soti Avril rive Oktòb). Rezidan k ap resevwa sèvis ki peyan yo kapab pote yo volontè pou opòtinite yo apwouve pou genyen sèvis gratis - anrejistre pou rapò chak mwa a nan garbagetogarden.org/get-involved.

Ki sa mwen kapab mete nan poubèl mwen an?

Dechè Alimantè yo Aksepte ak Bagay ki ka fè Konpòs

TOU rès manje yo! “Si l devlope, li prale (If it grows, it goes)!” Sa gen ladan:

- Legim ak fwi (sa gen ladan sitwon, nwayo fwi, po fwi, ak grenn)
- Pen, sereyal, pat
- Manje kuit, manje kri, ak manje gate
- Vyann ak zo
- Kokiyaj bèt lanmè, kribich, pwason
- Pwodui a baz lèt, fwomaj, ze
- Rès poud kafe, filtè ak valiz te
- Napkin ak sèvyèt an papye ki souye manje
- Cheve ak plim bèt
- Bouchon diven yo (bouchon natirèl, se pa sa ki plastik) & ti bwa ki netwaye dan
- Flè ki koupe
- Bagay Sètifye ki ka fè Konpòs (chèche sètifikasyon Enstitisyon Pwodui Byodegradab (BPI), Alyans Fabrikasyon Konpòs (CMA) oswa OK Compost)

Bagay ki PA Akseptab

- Plastik ak Polistirèn “Styrofoam”
- Papye ki kouvri avèk plastik oswa lam an metal
- Pwodui chimik oswa pestisid
- Metal
- Fayans
- Nenpòt materyèl ki pa òganik
- Dèchè bèt domestik ak Daypè
- Anvlòp plastik, papye aliminyòm, sachè epis
- Kravat ki mare, otokolan,agraf ak braslè elastik
- Bwat Pizza - plase l nan bak ble a pou resiklaj senp oswa kout

Èske m kapab mete fatra lakou nan poubèl la?

Tanpri mete fatra lakou yo apa de dechè alimantè. Flè ak plant lakou ki koupe pi fen pase yon kreyon kapab fè konpòs nan poubèl ki nan kwen twotwa w la.

Nou ta dwe separe fatra lakou yo ann amoni ak [enstriksiyon nou jwenn nan men Vil Somerville](#).

Ki sa pou m fè avèk lwil ki sèvi deja?

Garbage to Garden ap ranmase lwil ou genyen ki sèvi deja. Mete lwil ki sèvi a nan yon bwat avèk yon kouvèti ki sere toupre poubèl kwen twotwa w la. Nenpòt bwat ki gen yon kouvèti akseptab, men pou minimize risk pou l kraze, li preferab pou w itilize yon bwat plastik.

Ki sa k rive si poubèl mwen andomaje? Ki sa pou m fè si m bezwen yon poubèl ranplasman?

Pou w mande yon poubèl ranplasman nan kwen twotwa, tanpri kontakte Garbage to Garden nan info@garbagetogarden.org oswa (617) 977-4547.

Ki jan pou m soti nan pwogram pilòt la si m ap deplase?

Si w panse w ap toujou kalifye nan nouvo adrès ou a, kontakte Garbage to Garden pou mete adrès ou ajou e planifye chanjman sèvis ou a (koleksyon final nan adrès aktyèl/premye koleksyon nan nouvo adrès) lè w rele (617) 977-4547, oswa voye imèl bay info@garbagetogarden.org.

Si w pa panse w ap kalifye nan nouvo adrès ou a, tanpri fè Garbage to Garden konnen dat dènye dat pou yo vin ranmase konpòs pou ou a. Enskripsyon nan pwogram sa a limite, se sak fè n ap mande pou w fè nou konnen si w p ap itilize sèvis la pou n ka bay yon lòt moun plas ou a.

Ki sik vital "life cycle" rès manje m yo yonfwa Garbage to Garden ranmase l?

Pou Garbage to Garden, fè konpòs kominotè se fè konpòs yo yon fason lokal. Sa vle di, kit yon patisipan nan Maine oswa Massachusetts, rès manje yo a ap fè konpòs toupre lakay yo, nan jaden agrikòl lokal yo. Nou planifye pou n pote pifò materyèl nou ranmase nan Somerville yo nan Brick Ends Farm nan South Hamilton, MA.

Pwosesis fè konpòs jaden agrikòl ki fè patenarya ak Garbage to Garden yo itilize se tèmfili, sa vle di pil ki twouve yo nan tanperati ant 140 ak 160 degre. Tanperati wo sa yo pèmèt Garbage to Garden aksepte bagay yo pa rekòmande nan yon konpòs ki fèt lakay, tankou vyann, zo, pwodui a baz lèt, bèt lanmè, ak plis. Akòz wo tanperati ki konsève pandan yon peryòd tan ki long, pwosesis sa a kapab touye pifò patojèn yo (bagay tankou viris ak chanpiyon ki kapab lakoz maladi). Sa sa vle di sèke pwosesis fè konpòs

la kapab detwi òganis yo byen rapid e touye move bagay yo, sa ki pèmèt nou jwenn bon bagay yo pou n itilize!

Tout konpòs ki fini bon jaden òganik ak pwodiksyon pwodui agrikòl, e kiltivatè ki fè patenarya ak Garbage to Garden yo itilize yo pou kiltive manje lokal. Patisipan pilòt ki nan konpostaj nan kwen twotwa yo kapab achte konpòs ki fini tou pou \$6 chak valiz (gade pi ba a).

Èske m kapab achte konpòs ki fini?

Wi! Kay k ap patisipe nan pwogram pilòt k ap ranmase dechè alimantè nan kwen twotwa Somerville yo kapab kòmande valiz konpòs òganik nan men Garbage to Garden pou \$6 chak valiz (sa gen ladan livrezon) pa imèl info@garbagetogarden.org oswa rele (617) 977-4547. Pou patisipan nan sèvis abònman standa Garbage to Garden yo konpòs ki nan valiz yo gratis.

Se vre yo fè konpòs ak rès manje w yo yon fason lokal nan Massachusetts, konpòs nan sak Garbage to Garden distribiye pou patisipan yo te pase trètman nan fèm Garbage to Garden nan Windham, Maine, piske se la ekipman Garden yo sitiye. Se MOFGA (Fèmye Òganik ak Asosyasyon Jadinnye Maine yo) ki apwouve konpòs ki fini Garbage to Garden distribiye alafwa nan Massachusetts ak Maine pou itilize nan fè jaden òganik.

Èske l ap bay sant?

Poubèl 12 galon nan kwen twotwa Garbage to Garden nan montre yon kouvèti ki bouche byen di avèk yon lòk pou l ka bouche byen sere, pou l kenbe move sant yo anndan. Se yon obligasyon pou rezidan yo double poubèl yo (avèk valiz an papyè mawon oswa valiz ki ka fè konpòs) pou ede kenbe poubèl la pwòp semèn apre semèn. Papyè yo pèmèt yo retire dechè alimantè nan jou y ap ranmase yo, sa ap pèmèt bwat la netwaye byen fasil pou antretyen, e ede anpeche nenpòt likid tonbe lè l mare sere.

Pou manje ki gen move sant an patikilye yo (tankou rès vyann, kokiyaj bèt lanmè, oswa pwodui a baz lèt ki ekspire), yon pratik komen se pou stoke rès manje sa yo nan yon ti bwat nan frizè a oswa frijidè a jiskaske jou sèvis ou rive. Plizyè patisipan itilize ti bak kontwa a pou ranmase rès manje chak jou e vide l nan poubèl konpòs la pandan l ap plen. Sa limite kantite fwa ou ouvè poubèl kwen twotwa a pou ede redui nenpòt vye sant.

Èske fè konpòs atire wonjè oswa pès?

Menmjan ak sant endezirab, pès endezirab pa ta dwe yon pwoblèm si yo byen jere poubèl konpòs la. Kenbe poubèl la fèm e an sekirite ap ede anpeche mouch oswa ensèk pwonmennen nan bwat kizin nan. Si poubèl la rete deyò, asire kouvèti a ladan e fèm kapab anpeche wonjè ak lòt kreyati fè dezòd. Itilize metòd frijidè/frizè a (yo te pale de li nan repons pi wo a) avèk vyann, pwodui a baz lèt, oswa rès manje bèt lanmè kapab yon prekosyon anplis pou evite atire pès nan poubèl ou a.

Èske Garbage to Garden ofri sèvis fè konpòs an deyò Somerville?

Garbage to Garden gen sèvis abònman poubèl nan kwen twotwa nan Somerville, Melrose, ak Revere, ansanm ak pwogram vil la finansé nan patenarya avèk Vil Boston ak Vil Medford. Sèvis komèsyal yo disponib pou biznis, lekòl, restoran, lopital ak plis nan Zòn Greater Boston nan.

Èske Garbage to Garden ak patnè ki fè konpostaj yo pase tès pou PFAS?

Se MOFGA (Fèmye Òganik ak Asosyasyon Jadinnye Maine yo) ki apwouve konpòs ki fini Garbage to Garden distribiye alafwa nan Massachusetts ak Maine pou itilize nan fè jaden òganik. Garbage to Garden

vize pou redui posiblité PFAS lè l kontwòle pou kontaminasyon ak fè ajisteman pou bagay yo aksepte yo jan sa nesesè.

Ki jan m ka anpeche rèss manje m fè glas nan poubèl ki nan kwen twotwa m nan lè deyò a fè frèt?

Rèss manje souvan mouye e kapab glase lè tanperati a bese nan ivè a. Lè w mete rèss manje nan valiz e double poubèl nan kwen twotwa w la, ou kapab anpeche rèss manje glase anndan ak bò woul pasaj poubèl ou a.

Kiyès mwen ta dwe kontakte si mwen gen nenpòt lòt kesyon?

Se Garbage to Garden ki bay sèvis kliyantèl pou pwogram sa a. Pou plis kesyon oswa enfòmasyon, tanpri kontakte Garbage to Garden nan info@garbagetogarden.org oswa (617) 977-4547. Lè ou vrab regilye se 8:30 am rive 4:00 pm, Lendi rive Vandredi. Si w bezwen èd pou tradui oswa konprann èd sèvis kliyantèl nan men Garbage to Garden, tanpri rele 311 (617-666-3311) oswa kontakte nou nan languageaccess@somervillema.gov. Vil Somerville kapab ba ou yon entèprèt gratis.